# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–29 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु अपने मासिक रेडियो कार्यक्रम **मन की बात** में एक बार फेर उत्तर प्रदेस क जिकिर कइलें। उहां के जल संकट से निपटे में देस भर में कइल जा रहल जल संरक्षण के कोसिसन में झांसी जिला क उल्लेख कइली। उहां के गुरारी नदी के नया जीवन देवे अउर पानी का बरबादी रोके बदे झांसी क सेल्फ हेल्फ ग्रुप क महिला लोगिन क जम के तारीफ कइलीं। उहां के कहली कि येह ग्रुप से जुड़ल महिला लोगि जल सहेली बनि के येह अभियान क अगुवायी कइलिनि।

***झांसी बुंदेलखण्ड में है जिसकी पहचान पानी की किल्लत से जुड़ी है यहां झांसी में कुछ महिला गुरारी नदी को नया जीवन दिया है। ये महिलाएं सेल्फ हेल्प ग्रुप से जुड़ी हैं और उन्होंने जल सहेली बनकर इस अभियान का नेतृत्व किया है। इन महिलाओं ने मृतप्राय हो चुकी गुरारी नदी को जिस तरह से बचाया है उसकी किसी ने कल्पना तक नही की होगी। इन जल सहेलियों ने बोरियों में बालू भर के चेक डैम तैयार किया। बारिश का पानी बरबाद होने से रोका और नदी को पानी से लबालब कर दिया।***

श्री मोदी कहलें कि समूह क महिला लोगि जउने तरह से मृतप्राय हो चुकल घुरारी नदी के बचउलिनि। ओकरे बारे में केहू सोचलहू नाही होई। बोरी में बालू भरि के चेक डैम बनवलिनि अउर बरखा का पानी बरबाद होवे से रोकलिनि अउर नदी के पानी से भर देहलिनि। येह से लोगिन क पानी का समस्या दूर भइल आ उनकर चेहरा पर खुसियों लौट आइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गीडा क्षेत्र में वरूण बेवरेजेज के ओरि से एक हजार एक सौ सत्तर करोड़ रूपिया के लागत से बनल पेप्सिको बाटलिंग प्लांट क लोकापर्ण कइलें। करीब उन्चास एकड़ में बनल येह प्लांट में कार्बोनेटेड सॉफ्ट ड्रिंक अउर दुग्ध उत्पाद तैयार कइल जाइ। येह मौका पर उहां के नव युवकन के उद्यमिता की ओरि बढ़ले पर जोरि देहलीं।

***सरकार मुख्यमंत्री युवा उद्यमी के रूप में एक नई स्कीम लाने जा रही है। वो नई स्कीम है जो आज के प्रत्यक्ष में यदि कोई युवा अपना उद्यम स्थापित करना चाहता है तो पांच लाख रूपये तक का लोन इंट्रेस्ट फ्री देगें। यानि बिना ब्याज के लोन वह ले सकता है। पहले चरण में पांच लाख तक और दूसरे चरण में दस लाख तक के लोन को हम उसको ब्याज मुक्त लोन उपलब्ध करवाने में मदद करेंगे।***

एकरे पहिले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गुरूकुल सोसाइटी की ओर से संचालित गुरूकुल विद्यालय में बनल कक्षा अउर स्मार्ट क्लास का लोकार्पणों कइलीं। एकर निमार्ण गोरखपुर विकास प्राधिकरण कइले हौ। मुख्यमंत्री आजु दुपहरिया बाद गोरखपुर के गीता वाटिका मे भाई जी हनुमान प्रसाद पोद्दार क 132वीं जयंती के मौका पर आयोजित कार्यक्रमों में सामिल भइलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिनही गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन कार्यक्रम में दू सौ से बेसी लोगिन क समेसया सुनलें अउर ओकर समय से निसतारण कइले क निरदेस देहलीं। उहां के अधिकारियन से कहलीं कि जनता के हर समेस्या क समाधान सरकार का प्रमुख प्राथमिकता हौ अउर येह में लापरवाही बरदासत नाही कइल जाइ। श्री योगी लोगिन के भरोसा दियवलीं की सरकार हर पीड़ित क समेसया क समाधान करे बदे दृढ संकल्पित हौ।

**********

हिन्दु साधु संतन पर विवादित टिप्पणी के मामिला में गाजीपुर के सपा सांसद अफजाल अंसारी पर जिला के सदर कोतवाली में मोकदिमा दरज कइल गइल हौ। ई मोकदिमा चौकी प्रभारी गोरा बाजार की ओरि से दरज करावल गइल।

**********

प्रयागराज से नागपुर जा रहलि बस काल्हि देरि रात मध्य प्रदेश के मैहर में एगो डम्पर से टकरइले से नौ लोगिन के मउति हो गइल आ बीस से ढेरि लोगि घाही हो गइलें। मरे वाले यात्रियन में तीनि लोग प्रदेस के जौनपुर जिला के हवें। हादसा पे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोक जतवले सथहीं पीड़ित परिवारन अउर घायल के हर संभव मदद क भरोसा देहले हवें।

**********

प्रदेस के जियादातर जिला में लगतारे तीनि दिन से हो रहल बरखा से जन हानि के साथे फसलों के नोकसान भइल हौं। नेपाल के वाल्मिकि नगर बैराज से लगतारे पानी छोड़ले से कुशीनगर जिला के खड्डा अउर तमकुहीराज तहसील के तटवर्ती गांव बाढ़ के चपेटा में आ गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रभावित इलाकन में राहत बचाव कार में तेजी लावे क निरदेस दिहले हवें। मौसम विभाग के मोताबिक कई जिला में अबहीन दुइ दिन्न ले बरखा का आसार हौ।

**********